

**Founisè Swen Sante:** *Konseye pasyan an sou risk mifepristone nan. Ou menm ak pasyan an dwe siyen fòmilè sa a.*

**Akò Pasyan an:**

1. Mwen te pran desizyon pou m pran mifepristone ak misoprostol pou m mete fen ak gwosès mwen an epi swiv konsèy founisè m nan sou kilè pou m pran chak medikaman ak kisa pou m fè nan ka ijans.
2. Mwen konprann:
  - a. M ap pran mifepristone nan premye Jou a.
  - b. Founisè m nan ap swa ban mwen osinon preskri m konprime misoprostol yo, ke m ap pran 24 a 48 èdtan apre m fin pran mifepristone lan.
3. Founisè swen sante m nan te pale avèk mwen konsènan risk, ki gen ladan l:
  - gwo senyen
  - enfeksyon
  - gwosès ektopik (yon gwosès andeyò vant lan)
4. M ap kontakte klinik la/biwo a touswit si nan jou apre tretman an mwen genyen:
  - yon fyèv 100.4°F oswa plis ki dire plis ke kat (4) èdtan
  - doulè lestomak grav (vant)
  - gwo senyen (ki fin tranpe de (2) gwo tanpon ijyenik epè chak 1èdtan pandan dezèdtan youn apre lòt)
  - doulè nan vant oswa malèz, oswa mwen "santi m malad," ki gen ladan l feblès, kè plen, vomisman, oswa dyare, plis pase 24 èdtan apre ou fin pran misoprostol la
5. Founisè swen sante m nan te di m ke sentòm sa yo ta kapab mande pou swen an ijans. Si mwen pa kapab rive nan klinik la oswa biwo a touswit founisè swen sante mwen an te di m ki moun pou m rele ak kisa ki dwe fèt.
6. Mwen ta dwe fè swivi ak founisè swen sante m nan sou 7 a 14 jou apre mwen fin pran mifepristone la pou asire ke gwosès mwen an tèmine e ke mwen byen.
7. Mwen konnen ke, nan sèten ka, tretman an pa pral mache. Sa rive sou apeprè 2 a 7 fanm sou 100 ki itilize tretman sa a. Si gwosès mwen an kontinye apre tretman avèk mifepristone ak misoprostol, mwen pral pale ak founisè m nan konsènan yon pwosedi chirijikal pou mete fen ak gwosès mwen an.
8. Si mwen bezwen yon pwosedi chirijikal paske medikaman yo pa t mete fen ak gwosès mwen an oswa pou sispann gwo senyen an, founisè swen sante m nan te di m ke yo pral fè pwosedi a oswa refere m bay yon lòt founisè swen sante k ap fè l.
9. Mwen genyen GID MEDIKAMAN pou mifepristone nan. M ap pote l sou mwen si m ale nan sal dijans oswa wè yon founisè swen sante ki pa t ban m mifepristone konsa y ap konprann ke mwen genyen yon avòtman medikal avèk mifepristone.
10. Founisè swen sante m nan te reponn tout kesyon m yo.

**Siyati Pasyan an:** \_\_\_\_\_ **Non Pasyan an (majiskil):** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

*Pasyan an te siyen AKÒ PASYAN AN nan prezans mwen apre mwen te fin konseye pasyan an epi reponn tout kesyon yo. Mwen te bay pasyan an GID MEDIKAMAN pou mifepristone nan.*

**Siyati Founisè a:** \_\_\_\_\_ **Non Founisè a (majiskil):** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

*Apre pasyan an ak founisè a siyen AKÒ PASYAN AN, bay pasyan an yon kopi anvan l deplase kite biwo a epi mete yon kopi nan dosye medikal la.*